ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№124 (23.938) ● 2019 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 15, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Связым и Іэмалхэр къигъэсэбэпри, КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ К. В. хэтащ Урысейм и Президентым и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ щыІэ советым и президиумым и зэІущІэм

УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Д. А. дыгъуасэ Москва щригъэкІуэкІащ Урысейм и Президентым и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ щыІэ советым и президиумым и зэІущІэ. Видеоконференц связым и Іэмалхэр къигъэсэбэпри, абы хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ К. В.

ЗЭІУЩІЭМ зэпкърыхауэ щытепсэльыхьащ «Узыншагъэр хъумэныр», «Демографие» лъэпкъ проектхэр щыІналъэхэм щыгъэзэщІэныкІэ зи чэзу Іэхэу нэхъыщхьэхэм.

«Мы проектхэм щІыхуэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ. Дэтхэнэ щІыналъэми езыр зэгуГъупхъэ Іэуэхуэр щымащІэкъым. Апхуэдэхэм яІущІ. Сабий садхэр зэрыгъэпэфыдыр, медицинэ дэІэпыкъуныгъэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейр. Иджыпсту псори дызэлэжьын хуей Іуэхущ 2024 гъэм ирихьэлІэу гу-лъынтхэу уэхэм иІыкІхэр я Іыхьэ планэкІэ нэхъ мащІэ щІыным хуэгъэзауэ зыхуэдгъэувыжа къалэныр, - жиІащ Медведев Дмитрий зэІущІэр къыщыхэзІуихым. - А мурадхэм федеральнэ бюджетым сом мелард 11-м щІигъу щыхухахащ. Аргуэру сом меларди 4 трагъэкІуэдэнущ ягъэІэпхъэ медицинэ комплексу 509-рэ къащІэхуным. Щыналъэхэм я унафэщІхэм яхуэзфІэкІ псори ялэжьыпхъащ а комплексхэр Іэмал зэрэІэкІэ къагъэсэбэпу щІадзэн папщІэ».

ЗэІущІэм докладэр щащІащ УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр Топилин М. А., УФ-м зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къудамэ Хоровэ Н. А., къэралым и субъект щхьэхуэхэм я унафэщІхэм.

«Демографие», «Узыншагъэр хъумэныр» лъэпкъ проектхэм я щыналъэ Іыхьэу 11 иджыпсту Къабардей-Балъкъэрым щагъэзащІэ. Ахэр теухуащ зи ныбжьыр илъэсищым щІимыгъуа сабий псори ялъэхэмкІэ къызэгъэпэщыным, зи ныбжьыр хэкІуэтахэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэным, спортым зегъэужьыным, пэщІадзэ медико-санитар дэІэпыкъуныгъэр гъэтэмэныным, гулъытхуэ, онкологие узыфэхэр гъэмэщІэным, нэгъуэщІхэми.

Зыхуагъэувыжа къалэн нэхъыщхьэхэм ящхьэ иткІэ республикэм и районхэм фельдшер-акушер пунктхэр, сабий садхэмрэ ялъэхэмрэ щаухуэ икІи 2021 гъэм и пэщІадзэм ирихьэлІэу апхуэдэ сабий Іуэхущ Іанэу щІэуэ къыдэІуахьынуэм зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийуэ мини 3 хуэдиз екІуэлІэнущ.

ПащІадзэ медико-санитар дэІэпыкъуныгъэмкІэ щІыналъэ центр къызэрагъэпэщащ икІи абы щылэжьэну ІэщІагъэлІхэр иджырей технологиехэм хуагъэсащ. Зыхуеину ІэмэпсымэхэмкІэ къызэрагъэпэщ онкологие диспансерыр, республикэм и сабий сымаджэщым и поликлиникэр, Налшык къалэм и лъынтхуэ центрыр.

Социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэзыгъэкІ комплекс центрхэр зи ныбжьыр хэкІуэта цІыхуу къуажэхэм щыпсэуухэм я узыншагъэр къапщытэн папщІэ зыхуеину автотранспортымкІэ къызэрагъэпэщащ.

Иджыпсту Дзэпыкъуэ къуажэм узыншагъэр щрагъэфІакІуэ физкультурэ диспансер щащІ, апхуэдэ комплексым и унэщІэ Къэщкъэтау жылагъуэм щаухуэ. Дызэрыт илъэсым кърибыдзэу республикэм и район зэмылІэужьыгъуэхэм хьэзыр щащІын хуейщ спорт Іуэхущ Іанэ зэмылІэужьыгъуэу 9, Хьэтлохъущыкъуей, Аушыджэр къуажэхэм я футбол джэгуПІэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и спорт организацэу 42-м иджырей спорт Іэмэпсымэхэр къыхуащэхуащ.

Советым и зэІущІэм къыщыІэта Іуэхуэхэм ящхьэ иткІэ республикэм и министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм хуагъэуващ лъэпкъ проектхэм ящхьэ иткІэ къаутІыщ ахъшэр къызэрагъэсэбэпым нэхъ тКІийуэ кІэлъыплъыну, социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ Іанэ Іэхэр ягъэува пІалъэхэм ирихьэлІэу хьэзыр ящІыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

Шхыныгъуэхэм я фестивалым ди республикэр фІыкІэ къыщыхэщащ

Къэрэшей-Шэрджэсым и Архъыз курортым иджыблагъэ щекІуэкІащ шхыныгъуэхэм я фестиваль хьэлэмэт. Мы щІыналъэ дахэм и хуейхэм ящыщ зым щрагъэувэкІат Къэбэрдей-Балъкъэрым, Курджым, Азербайджаным, Осетие Ищхьэрэм, Ингушым, Шэшэным, Къэрэшей-Шэрджэсым, Непалым, Чилим, Китайм, Индием, Армением я лІыкІуэхэм я шэтырхэр. ГуфІэгъуэ дауэдапщэм кърагъэблагъа хьэщІэхэм папщІэ абыхэм щагъэхьэзырт лъэпкъ шхыныгъуэхэр.

ГУФІЭГЪУЭМ хиубыдэу пщафІэ нэхъ Іэкіуэлъакіуэхэри ягъэбелджылащ. Ящэ увыпІэр ди республикэм, етІуанэр Куржым хуагъэфэщащ. Ещанэу абыхэм яхэхуащ Къэрэшей-Шэрджэсыр.

Фестивалыр къызэрагъэпэщащ «Кавказыр зэгъэпэгъу» фондым, «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» зэгухьэныгъэм, КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм, КЪБР-м и Сатупромышленнэ палатэм, КъШР-м хьэрычэтыщІэхэм защІэгъэжъуэныкІэ и центрым.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

КІуэкІуэ Казбек хэтащ хэкІуэда хабзэхъумэхэм ятеухуауэ урагъэкІуэкІа Іуэхухэм

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ хабзэхъумэ органхэм я лэжьакІуэхэу къулыкъур щрахьэкІым хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэм теухуауэ ирагъэкІуэкІа Іуэхухэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и унафэщІым хабзэм и лэжьакІуэхэу Зыку зауэшхуэм и илъэсхэм хэкІуэдахэм, апхуэдэу я къулыкъум пэрыту хэкІуэдахэм я мемориалым удз гъэгъахэр трилъхьащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и мамыр гъащІэр яхъумэурэ зи псэр зытахэм я Іыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ аргуэру зэ яхуэгъэзэващ.

Щыгъуэ пэкІум хэтащ КЪБР-м и къэрал властым и органхэм, хабзэхъумэ Іуэхущ Іанэ Іэхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр, республикэм щыІэ МВД-м и ветеранхэмрэ абы къулыкъу щызыщІэхэмрэ.

Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и район псоми хэкІуэдахэр ягу къагъэкІыж икІи абыхэм ятеухуа зэзІущІэхэр, конференцхэр щрагъэкІуэкІ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

ХьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэр хъумэным теухуауэ

● Дыгъуасэ

КЪБР-м и Правительствэм дыгъуасэ щытепсэльыхьащ республикэм и хьэрычэтыщІэхэм я лэжьыгъэм лъэпощхьэпо хуэхъум, къызэрагъэпэщ къэпщІыныгъэхэм я фІагъымрэ зэраныгъуэ къаІэмрэ.

ЗЭІУЩІЭР иригъэкІуэкІащ КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Рахаев Борис**. Абы хэтащ КЪБР-м хьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныкІэ и уполномоченнэ **Афэщіыж Юрий**, КЪБР-м и прокуроры и апэ къуэдзэ **Лаврешин Юрий** сымэ.

ЗэІущІэр къыщыхэзІуихым Рахаевым къыхигъэщащ республикэм и инвестицэ Іуэхухэр егъэфІэкІуэныр къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжхэм зэращыщыр.

- Нобэ упщІэ куэд къоув хьэрычэт Іэнатіэм къэпщытэныгъэхэр зэрыщрагъэкІуэкІым теухуауэ. Апхуэдэу тКІийуэ а Іэнатіэм я нэІэ зэрытрагъэтыр псом ящэу зэран зыхуэхъур абы и зыужьыныгъэщ. ЗэрытщІэщи, хьэрычэтыщІэхэр зэрымырэзы Іуэхугъуэ куэдкІэ зыхуагъазэ хьауащ абыхэм я хуитыныгъэхэр зыхъумэ Іэнатіэми, УФ-м и Правительствэми, Президентми, - жиІащ Рахаевым. - Къэбэрдей-Балъкъэрым и инвестицэхэм я гугъу пщІымэ, мыбдеж ди Іуэхур хуэмурэ зэрыкІуатэр жыпІэ хъунущ. 2015 гъэм абы и лъэныкъуэкІэ зэфІэкІ нэрылъагъуэхэр димыІами, 2018 гъэм ирихьэлІэу екъуІэныгъэ гуэрхэр зыІэрыдгъэхьащ икІи мы зэманым Урысей Федерацэм 56-нэ уВыпІэр щытыгъщ, республикэм и зыужьыныгъэм мыпхьу къыхэзыпъхьэхэр нэхъыбэ зэрызыуам и фІыгъэкІэ. А щытыкІэр, зэрыхабзэу, къыщапщытэж Санкт-Петербург къалэм щекІуэкІ Экономикэ зэхьэхьэшхэм. Дауи, дыхуейт ди Іуэхухэр дяпэкІи ефІэкІуэну.

- УФ-м Хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныкІэ уполномоченнэм и Іуэхущ Іанэ Іэм иджы япэу къыпщытащ хьэрычэт Іуэхум административнэ кІэлъыплъныгъэхэмкІэ зэрытракъузэ Іэмалхэр. А лэжьыгъэм къигъэлъэгъуам тету, яубзыхуащ нэхъ шынагъуэншэу хьэрычэт Іуэхур щефІакІуэ щІыналъэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым а рейтингым 22-нэ увыпІэр щиубыдащ, - жиІащ Афэщіыж Юрий.

Абы къызэрыкигъэщамкІэ, иужьрей зэманым ирагъэкІуэкІ къэпщытэныгъэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ яхуэщІами, административнэ къуэдыхэм хэхъуэ фІэкІа нэхъ мащІэ хъуркъым. «Росстат»-м къихьа бжыгъэм тепщІыхьмэ, экономикэ унэтІныныгъэ иІэу административнэ къуэдыуэ Урысей Федерацэм щатхар псори зэхэту сом меларди 179-рэ хъуащ.

- ДызэрепльымкІэ, къэрал Іуэхущ Іанэм и къалэн нэмысыщхьэр ныкъусаныгъэхэр къагъэлъагъуэу, ар лэжьакІуэм зэригъэзэгъуэкІыжину зэманрэ Іэмалрэ иритыныгъ, занщІэу абы къуэды хуимытыху. 2017 гъэм УФ-м Хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныкІэ и уполномоченнэм и Іуэхущ Іанэм зы лэжьыгъэ игъэзэщІащ ерыскъым епха Іэнатіэхэм «Роспотребнадзор»-м егъэлеяуэ пиубыд мардзэхэр къыщІэзыщым теухуауэ. Къапщыта щІыпІэхэм наІуэ къыщыхъуащ зытетыпхъэ мардзэу пункти 190-рэ абыхэм яІэу, абы щыгъуэми я нэхъыбэр соует лъэхъэнэм къагъэсэбэпу щытауэ, ди зэманым къемызэгъыжу, - дыщІигъуащ Афэщіыжым.

КъаІэта Іуэхум и щытыкІэм теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ КЪБР-м и прокуратурэм Федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъныныкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ **Сottаевэ Жаннэ**, УФ-м и МЧС-м, «Роспотребнадзор»-м, «Россельхознадзор»-м, «Ростехнадзор»-м, «Росприроднадзор»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэхэм я лІыкІуэхэр.

КЪБР-м и прокуроры и апэ къуэдзэ **Лаврешин Юрий** упщІэ зиІэхэм жэуап яритащ, мы зэІущІэм хуэдэхэр нэхъыбэу дяпэкІэ ирагъэкІуэкІмэ, зэдзлажьэмэ зэрыфІэкъабылыр жиІащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Жэпуэгъуэм и 15, *гъубж*

♦Зи нэхэм ямылъагъуэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Іэхэр тхьэщІыным и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Сабий фондым къыхилъхьэри, а махуэр 2008 гъэм яГъэуваУэ щытащ, къабзагъэм узыншагъэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэм цІыхухэм иджыри зэ гу лърагъэтэн мурадкІэ.

♦Къуажэм щыпсэу цІыхубзхэм я дунейпсо махуэщ. Дунейм цІыхуу тетым я Іыхьэ пІанэр къуажэдэс цІыхубзщ - аращ абыхэми махуэ хэха яхуэфащэу къыщІальытар.

♦1806 гъэм Урысей империем къыхагъэхьащ Баку хъаныгъуэр.

♦1967 гъэм Индыл и Іуфэм иІэ Іуащхьэм - Мамаев курган жыхуаІэм - деж щагъэуващ Сталинград деж щекІуэкІа зауэм лІыхъужьыгъэ къыщыдзыгъэльэгъуагъэм хуащІа фэеплъыр. Комплексым хьыхь ухуэныгъэ псоми гектар 26-рэ яубыд. Фэеплъым и нэхъыщхьэ дыдэм - «Хэкуанэр хьыдождэ!» зыфІащам - метр 56-рэ и лъагагъщ. Абы хуокІуэ скъарым къыхыщІыкІа дэкІуеинПІэ 200 - Сталинград зауэр зэрекІуэкІа жэщ-махуэ 200-м тещІыхьауэ ящІауэ.

♦1990 гъэм СССР-м и Президент Горбачев Михаил Нобель мамырыгъэмкІэ и саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

♦УскаІуэ, осетин литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа, скульптор, сурэтыщІ **Хетагуров Коста** къызэралъхурэ илъэси 160-рэ ирокъу.

♦Урыс усакІуэ цІэрыІуэ, тхакІуэ **Лермонтов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 205-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, журналист **Ильф Илья** къызэралъхурэ илъэси 122-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КЪБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ТекІуий Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артист, Абхъазым и цІыхубэ артист, КЪБР-м, Абхъаз Республикэм я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Мысостышхуэ Пщыізэбий** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, щІэныгъэлІ **ІутІыж Борис** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Рок-музыкант, тхакІуэ, «Наутилус Помпилиус» гупыр къызэзыгъэпэща **Бутусов Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Уэрэджэ Іакіуэ, актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Басков Николай** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисистка, Олимп Джэгухэм (2008 гъэ) я чемпионкэ **Дементьевэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

♦**1964 гъэм** Китайм япэ атомнэ бомбэр щагъэунэхуауэ щытащ. Ар къыщыгъэуащ Лобнор гуэлым пэмыжыжьэу иІэ полигоным.

♦**1991 гъэм** Налшык щызэхэтащ КЪБР-м и лъэпкъхэм я нэхъыжьыфІхэм я съездэ.

♦Каир щыщ адыгэ тхакІуэ цІэрыІуэ, «хьэрып усакІуэхэм я пащтыхьу» къалъытэ **Шэукъий Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэси 149-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, зэдзэкІакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къардэн Бубэ** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, литературовед, критик, публицист **ТІымыжь Хьэмыщэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Шэджыхьэщ Юрий** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Оперэ уэрэджыІакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Хворостовский Дмитрий** къызэралъхурэ илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 24-рэ, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 16, *бэрэжьей*

♦Ерыскъым и дунейпсо махуэщ

♦ЩІакхъуэм и дунейпсо махуэщ

♦Анестезием и дунейпсо махуэщ

♦Іуэхущ Іанэм и унафэщІым и махуэщ

♦Армениеи и прессэм и махуэщ

♦1946 гъэм, Нюрнберг судым и унафэкІэ, нацист щІэпхъаджащІипщІым я щхьэхэр палъауэ щытащ. Абыхэм яхэтащ Гитлер нэхъ гъунэгъу дыдэу бгъэдэтахэу Риббентроп Иоахим, Кейтель Иохан Густав, Кальтенбруннер Эрнст сымэ.

♦1962 гъэм лэжьэн щІидзащ «Юность» радиостанцым.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 24-рэ, жэщым градус 11 - 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зи ныбэ изым гуныкъуэгъуэ ищІэркъым.

● Пшыхьхэр

ЩІыхьым и шуудей

КЪБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь КІыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр къызэралъхурэ илъэси 105-рэ зэрырикъур мы махуэхэм ди республикэм Іэтауэ щагъэлъапІэ.

ДАУЭДАПІЩЭХЭМ я зы Іыхьэу щытащ жэпуэгъуэм и 10-м Музыкэ театрым щызэхэта литературэ-макъамэ пшыхьыр. ТхакІуэ цІэрыІуэм хуэгъэпса пшыхьым хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Мусуков Алий**, КЪБР-м и Парламентым, Правительствэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр. Кьеблэгъат Урысейм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм хэт **Латынин Валерий**, «Литературная Россия» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Огрызкэ Вячеслав**, Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Къэзахстаным, Абхъазым, Къыргъызым, Тыркум я лІыкІуэхэр, Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм я тхакІуэхэм я зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэр.

ЗэІущІэм и пэщІэдзэм Къуэдзокъуэ Мухьэмэд къеджащ КЪБР-м и Іэтащхьэм фестивалым хэтхэм зэрызахуигъэзэа фІэхъус псалъэм: «КІыщокъуэ Алим и цІэр хуэфащэ дыдэу ябгъурытщ Кавказ Ищхьэрэр зэрыгушхуэ и тхакІуэхэм. Абы и творческэ Іэужьым и беягъыр а тхакІуэм и уардагъым хуэфэщэжщ. Алим и Іэдакъэщ Іакіэр къэралым, дуней псом и литературэм я фІыпІэм щыщщ», - итщ абы.

КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнэр зыгъэзащІэ **Къумахуэ Мухьэдин** и къэпсэльэныгъэр теухуат КІыщокъуэм и гъащІэмрэ, къикІуа гъэзугуанэ мытыншым, ауэ Хэкум, лъэпкъым я дежкІэ мыхьэнэ лъагэ зиІэм.

Усыгъэм хэлъ мэгъу къарум, абы цІыхухэр, лъэпкъхэр зэрызэкъуфІэгъэувэм кІэщІу тепсэлъыхьащ **Латынин Валерий**.

- Литературэм КІыщокъуэ Алим хуэдэ цІыху инхэр зэрыхэтым и фІыгъэщ ЮНЕСКО-м и жьауэм щІэт «Кьыу хужьым я махуэ» Іэуху дахэр къызэрырахьэжьар. Апхуэдэщ «ЩІыхьым и ЛІыхъужь» фестивалри, нэгъуэщІ литературэ дауэдапщэхэри. Политикэ Іуэхухэм цІыхухэр, лъэпкъхэр зэпэІэщІэ щащІ, щызэщагъэІей къэхъуми, литературэм, псом хуэмыдэу усыгъэм, зэкъуэгъэувэ. КІыщокъуэ Алим тхакІуэ, усакІуэ бгъыхьым и мызакъуэу, ар щІыхьым и ЛІыхъужьщ», - жиІащ Латынинымрэ.

Осетие Ищхьэрэ - Аланием и Лъэпкъ музейм и унафэщІ Засеев Мераб КІыщокъуэм хуэгъэпсауэ итха уэсм къызэхуэсахэм къахуеджащ.

Лъэпкъым, къуэпсым и къарум, КІыщокъуэм адыгэ дунейм щиубыд увыпІэм, абы лъэпкъым къыхуигъэна Іэужь дахэм теухуауэ псалъэ гуапэ куэд щыжаІащ а пшыхьым.

ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэр тхакІуэм и Іэдакъэщ Іэкі курыхэм гум хьыхьэу къыщыджащ абы. КІыщокъуэм и усэр зи лъабжьэ уэрэдхэр жаІащ КЪБР-м и цІыхубэ артистхэ Сокъур Ольгэ, Бэч Азамат, ДыщэкІ Артур, Хьэкъуэ Оксанэ, КЪБР-м щыхь зиІэ и артистхэу, Музыкэ театрым и солистхэу Мамбэт Мадинэ, Гуаэз Тимур сымэ, нэгъуэщІхэми. «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым игъэзэщІащ и къафэ нэхъыфІхэм ящыщ зыбжанэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Фэеплъ пэкIу Бахъсэн щIыналъэми щокIуэкI

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Налшык къалэ къыщыхъуа гуауэм теуху фэеплъ пэкIу щекIуэкIащ Бахъсэн къалэм.

ФЭЕПЛЪ Iуэхум хэтащ Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и унафэщI, полицэм и полковник Хэжь Аслъэнбий, абы и къэудэз, полицэм и подполковник Алэкъул Арьмед, ОВД-рэ ВВ-мрэ я ветерانкэм ядэлэжьэным-кIэ къудамэм и унафэщIым и и дэIэпыкъуэгъу Мэзан Музарин, КъБР-м щыIэ МВД-м къегъэщIылIа Жылагъуэ советым хэт Шыбзыхъуэ Суфадин, Бахъсэн щIыналъэ администрацэм хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэныкIэ и къудамэм и унафэщI Тохъутэмыщ Мухьэмэд сымэ.

Къызэхуэсахэм защыхуигъазэм Хэжь Аслъэнбий къыхигъэщащ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэу ущытыныр шынагъуэ пылъу сыт щыгъуи къызэралъытэр. ЖиIащ абы къалэныр щезыхьэкIэхэр щIэпхъаджагъэм зэрыпэщIэтыр, къэралым и сэбэп зыхэлъхэр, законностымрэ конституцэ хабзэмрэ зэрахъумэр.

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, щIэпхъаджащIэхэм ялэпщIэтурэ хокIуадэ хабзэхъумэхэр, хахуагъэрэ лIыгъэрэ къагъэлъагъуэу. Дэ ди къалэнщ апхуэдэу зи гъащIэр къызэпыуда дэтхэнэри ди гум илъыну, ди лэжьыгъэм къыгуэхьлIэ имыIэ и Iыхьэщ абыхэм я унагъуэхэм ди нэIэ ятетыныр,- жиIащ Хэжьым.

Зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъым деж уэз гъэгъахэр щагъэтIылъащ пэкIум и кIэм.

ФIым къыхураджэ

Дзэлыкъуэ щIыналъэми ягу къыщагъэкIыжащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м къэхъуам хэкIуэдахэр.

УРЫСЕЙ МВД-м Дзэлыкъуэ районым щыIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэр яхуэзащ Дзэлыкъуэкъуажэ дэт, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэщ колледжым и еджакIуэхэм. Полицейхэм ныбжьыщIэхэр щыгъуазэ ящIащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13 - 14-хэм къэхъуа гуауэм.

Къызэхуэсахэр ирагъэплъащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къэмыгъэхъуным теухуа документальнэ фильмым.

Полицейхэм ныбжьыщIэхэр къыхураджащ хабзэм тетыну, я къэралым хуэфащэ цIыху нэс къахэкIыну.

Зыгъэхьэзырар
УАРДЭ Жантинщ.

«АЛЖИР» гъэрэщым исахэм языхэз

● Жыжьэ - гъунэгъу

Къэзахъстаным и щыхьэр Нур-Сулътан къалэм (ипэкIэ Акмолинск) километр 40-кIэ фIэкIа пэмыжыжьэу «АЛЖИР» фIэщыгъэр зиIэ музей къыщызэIуахащ. Африкэм щыIэ Алжир къэралым и цIэм зи къэпсэлъыкIэкIэ техуэ а музейр зыкIи епхакъым абы - «АЛЖИР»-т зэрэджэр Хэкум епцIыжахэм я щхьэгъусэхэр щаIыгъ лъэхъуэщу Акмолэ къуажэм пэгъунэгъуу щаухуам *(Акмолинский лагерь жен изменников Родины).* **ЗэпцIыжауэ жыхуаIэ а Хэку-анэм бзылъхугъэ минхэр, я ныбжьыми, къызыхэкIа лъэпкъми, я IащIа гъэми емылъытауэ, я Iуэхури зэхамыгъэкIыу лъэхъуэщым иридзащ, илъэси 5-м къыщыщIэдзауэ 10-м нэс тралъхьэри. А тутнакъэщым исахэм ящыщщ ди лъахэгъу адыгэ бзылъхугъэ - Шэрджэс (Пщыбий) Хутэ Хъанджэрий и пхъур.**

- ЗЫ АДЭ-АНЭМ дыкъызэдалъхуауэ зэкъуэшипIрэ зэшыпхъуитIрэ дыхъуртдэ, - жеIэ иджыблагъэ ди редакцэм къыщыхьа нэхъыжьыфI Пщыбий СультIан Хъанджэрий и къуэм. - Си шыпхъум и гъащIэм хэта илъэс гугъуесыгъуэгъэ сигу кьиГъэкIыжащ «Газета Юга»-м щыслъэгъуа спискэм, «АЛЖИР»-м и гъэру щыта ди лъахэгъу бзылъхугъэхэм я цIэ-унэцIэхэр зэрытым. Спискэм 29-нэу къыщыгъэпсыгъар ди шыпхъу нэхъыжь Хутэщ...

СультIан зэрыжиIэжымкIэ, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, властыщIэм и хабзэхэри гурэ псэкIэ къэзыщтауэ Нартан (япэм Къылышбийхьэбл) щыпсэуэхэм ящыщт Пщыбий Хъанджэрий и унагъуэр. Политикэ залымыгъэхэм я лъэхъэнэ хьэлъэм и къэхъукъащIэхэр къалъэIэсауэ щытащ пэжыр зи гъуаззу псэу унагъуэми. «Хэкум и бий», «епцIыжакIуэ» зыфIащу 1937 гъэм зэуэззопсэу дашахэм яхэтащ Хъанджэрий и бын нэхъыжьхэу Хьэжысмелэ Хутэрэ. Хьэжысмел Сыбрыим илъэси 10-кIэ щыIащ, бзылъхъ куэди игъэващ. Хуит къэхъужа нэужь къэкIуэжри и хэкум исыжащ.

Пщыбийхэ я хъыджэбз пажэ Хутэ и Iуэхур нэгъуэщIу къекIуэкIащ. 1909 гъэм кьалъхуащ ар. Пащащэ гуапэу, зэкIужу, хьэл-щэн дахэ хэлъу къэхъуа Хутэ IэпэIэсэт, Iэпщ1эльапщIэт. Дэным, бзэным, хэдыкIыным хуэлэкIуэльакIуэри, и нэр зытеплъам щапхъэ тришхырти идырт, Iэ еIусауэ умыщIэну. Хутэ пщэфIэнкIи Iэзэт. КIынэмыщIауэ, Хутэ пшынауэ Iэзэти, КIыльлышбийхьэблэ зы гуфIэгъуэ зэхьихьи щемыкIуэкIми ярейт, пшынэ Iэпэхэр зыгъэбзэрабзэ хъыджэбз дахэр ирамыгъэблагъэу.

Балигъыпlэ иувэри, Хутэ унагъуэ ихьащ. Абы щхьэгъусэ хузэхуащ Налшык дэс, лъэпкъкIэ Аушыджэр щыщ адыгэ щIалэ Шэрджэс Хьэжысмел ПIатIэ и къуэр. Зэщхьэгъусэхэр псэурт, гъащIэр я щIэщыгъуэу, къэкIуэнум гугъэ IэфIэкIэмрэ хъуэпсапlэ нэхуэмрэ ирапхьэу. Хутэ лъэпкъ фащэхэр щаду Налшык дэта дзрбзэр фабрикэм щылажьэрт. Хьэжысмел «Социалистическая Кабардино-Балкария» газетым зэдзэкIакIуэу щыIэт. Политикэ террорхэм я лъэхъэнэм и гуащIэгъуэу, 1937 гъэр кьихьа къудейуэ, Хьэжысмел ягъэтIысащ, «властым и бий» фIащри. Абы къуаншагъэу къыхуагъэтрадекцэм контрреволюцэ лэжьыгъэ жыдэжру щригъэкIуэкIыу, властым и политикэм пэщIэувэ тхыгъэхэр газетым трыригъадзэу. А илъэс дыдэм и бадзэуэгъуэм и 26-м Хьэжысмел и судыр укIкIэ ящIащ. Лажьэ зимыIэу гъащIэм пагэкIа сочет цIыху минхэм ящыщ хъуащ коммунист Шэрджэсыр. СССР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Дзэ коллегием и унафэкIэ Хьэжысмел хей ящIыжащ 1957 гъэм и фокIадзэм и 9-м.

Зи щхьэгъусэр апхъуатэу даша Хутэ гугъэ нэпцIхэр и псэм щигъафIэрт, Iуэхур зэхэкIыу Хьэжысмел къутIыпщыжьын и гугъэу. Арщхьэкlэ абы кьыпэплъэр нэгъуэщIт. Хьэжысмел яукIа нэужь, куэд дэмыкIыу, 1937 гъэм и фокIадзэм и 1-м, Хутэ ягъэтIысащ икIи СССР-м и Гъэззщакlуэ комитет нэхъыщхьэм «Хэкум епцIыжахэм я унагъуэхэм щIэсхэм ятеухуауэ» (ЧСИР) кьыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, апхуэдэуи СССР-м и НКВД-м и Зэхуэс хэхам кьыщащта унафэр и лъабжьэу, Хутэ 1937 гъэм и дыгъэгъазэм Акмолэ лагеркIэ тутнакъэщым щыIагъэ нэужь.

Илъэси 5 зытралъхьа бзылъхугъэ щыкIур апхуэдэу кьыщыхутащ Къэзэхстан жьыжьэм щыIэ «АЛЖИР»-м. Тутнакъэщым щызекIуэ хабзэхэр апхуэдизу ткIийти, абы исхэм пыщIэныгъэ лъэпкъ хуэIэну хуиттэкъым я благъэхэм, Iыхьлыхэм, бынхэм. Илъэси 5 нэхъри нэхъыбэ зи ныбжь бын зиIэ бзылъхугъэхэм ахэр кьыкIрачат икIи сабий колониехэм ягъэкIуат. Нэхъ цIыкIуIуэхэр я анэхэм ящыгъути, ахэр якIэрыщIауэ лажьэрт.

- Хутэрэ Хьэжысмелрэ сабий зэдагъэутэну хунэсатэкъыми, абыкIи и Iуэхур нэхъ тыншт лагерым щыщыIэм, - и шыпхъум и гугъу ещIыж Сультlан. - Ауэ, дауэ хъуми, цIыхум и фэм дэмыхуэным хуэдиз хьэзабрэ бэлыхьрэ ирагъашэнащ си анэ къилъхуа тхьэмыщкIэм. И хьэбар лъэпкъ дымыщIэу, ЛIами псэуми дыщымыгъуаззу сыт хуэдиз зэман етхьэкIа унагъуэм?..

СССР-м и НКВД-м Лъэхъуэщхэмкlэ и къэрал управленэм (ГУЛАГ) и унафэм щIэтащ гектар 30 зыубыд а лагерыр. ИужькIэ, 1939 гъэм и дыгъэгъазэм, Караганда щыIэ лъэхъуэщым и кьудамэхэм ящыщ зы Хьэжысмел яг

Щэху Іэджэ иІэщ пшапэ зэхэуэгъуэм

АЦКЪАН Руслан и сонетхэр



273

Сэ нобэ жыжьэ сыкъокІыж,
сыдэмыкІаРэ пэт ди щІэнтІэм.
Сызыхэтауэ хъуар уэ пщІатэм,
укъыспежьэну къыщІэкІынт.

Ди унэм сэ сыщІэпшэжынт,
зыхуэсакъыпхъэ гуэрым ещхъу.
Зы джэ макъ гуэр пІейтейуэ сеижьэу,
жэщ ныкъуэм деж сыІурихынт.

Сыкъэушынт сэ бэухэм япэ,
сщыгъупщэжауэ си щІыхьэпІэр.
Си псэукІари къэзгъэнэнт.

Схьын хуейт сэ гъащІэу къыслъысыжыр,
нэхъыкІэр гущІэм щІэтІысыкІрэ
нэхъыфІыр къыщІэувэу нэм.

274

Есыж дунейр, хьэуар мыдым,
къыптрихьэ сабэм укъысынущ.
Етхьэщ и напэр ди джадум,
и гугъэу уэшх къригъэщхьну.

Хыхьэнут щІыхьэм мывэ хъуар,
я хамэ хъуащ я жьауэр жыгхэм.
Дыгъэ и Іуфэр зыльгъуам
хэтщ Іэщ1экІыну псыежэхыр.

Дыгъэм зэІусэр къресыкІ.
Зы пшэ хужь закъуэ сщхьэщосыкІ,
нэщІ хъуа си нэгум къыщІэмыплъэ.

Етхьэщ1 и напэр ди джадум.
СРІощ1 фІэщхъуныгъэр сфІэкІуэдын,
абы и гугъэр къемыхъуІэм.

275

Зыгуэрхэм саІэтынут уафэм нэс,
емыплът сыкъехуэхыжьым къыслщыщІынум.
Нэгъэщ1ХэМ зэуэ дамэр паущІынут,
зэрыдэкІуэнур ящІэми гукъуэпс.
Нэхьыбэр гу къыслъамытэххэу блэкІт,
абыхэм гугъэр сухахъумэн ялъэкІт.

Зым хуэзмыгъадэ гуэрхэри сиІащ.
Сэ сыпсэуащ, абыхэм сафІэлЫкІыну,
атІэми я зы псалъэ сигу пымыкІыу.
Апхуэдэхэм я гъащІэр сыгу кІэщІт.
Зымащ1э фІэкІ къалъымысаРэ пэт,
зы Іыхьэ къыхалъхьащ сысеІм жьпІэнт.

Схуэзхдащ си гъащІэр сэ къуэдыщэм.
Сысейуэ къыхэнар абы хэт зыщІэр.

276

Къытригъэзэк зэпыту сэ сощІыхь
уэнжакъым кьрихУ Іугъуэ щымыІэжым.
Сольагъу ар зэм, мыпащІэу пшэм хыхьэжу,
зэм щы1эщ си Іум иту къыщысщыхьу.

ЖЬэгу мафІэм ещхь си гущІэм зэм щоджагу,
зэм жьэ ущІыІуа иль хуэдэщ си бгъэм.
Си хамэу къыщІокІыж сызыпІа гугъэр,
си нэгу къыщІыхьэу щытмэ нэщІ хъуа жьэгу.

БлэкІахэм си псэр щІамыутІыпщыр сыт,
уэгу гъунэм нос щыжысІэм - кІэльыдджэжу,
къыхуейуэ и фІэщ хъуРэ, къитъэзэжу?
Апхуэдэу щІэх ар здэкІуэм нэмысын.

Ар жысІэ щхьэкІэ, хэт нэхъыфІыр зыщІэр.
Ар зэрыдмыщІэрщ гъащІэм къыпызыщэр.



277

Уэсэпс ткІуэпсым щхьэщэ сэ хуэощІ.
Уафэр зэрыщыту абы къощ,
ауэ сыту махэ, гъащІэ кІэщІ.
Дыгъэм ар ирифу къызжаІащ.
Езы дыгъэм дауэ сщІын си фІэщ,
имыгъэуту ящІэнт.

Уэсэпс ткІуэпсым си щхьэр хуэозгъэщхь,
ар гуфІагъуэ нэпсым ихогъэщхь.
Куэдым я насыпэ абы къыпхощ,
ауэ сыту махэ, гъащІэ кІэщІ.
СыІущІати нобэ зы нэхущ,
и уэсэпсыр псэхалъхьажьым щыщт.

Ари дыгъэм ирифыну хъунщ.
Дыгъэр къригъэлу къыслщыхьунщ.

278

Зы щІэдджыжь гуэрым уэ укъэуцынщ,
сыкъэпльыхьэнщ, къыплъысу гужьеиГъуэр,
къыбгурымыІуэу сыщІэкІам сыт щыгъуэ.
Къэзмыгъэзэжыну къыщыщхьунщ.

Уэ зыпхъуэжынщ абдежым щыщІэдзауэ.
Сэ сыкъэнэнущ сызэрыщытауэ.
Гу хьыстэхэнкъым уи псэм щызэблэжым,
аргуэру сыщІэкІынщ, сыкъемыплъэкІыну.

АрщхьэкІэ, махуэр и кІэм щынэсам,
сэ зыхэсщІэнущ сызэрыпхуэзэшыр,
фІы куэд зэрыбжесІэнур, нэгъэзэзэжым,
сызэрытекІынур сызэсам.

ТІэкІу сыпсэуаРэт си щхьэм сыхуитыжу.
СыкІуэнт, узыхэзнауэ хъуар уэстыжу.

279

Закъуэныгъэм куэдрэ согупсыс,
щы1эщ сещІыхь защІэу нэху щызэгъэщи.
Си гур, жьым ихь тхъэмпэу, мэкІэзыз,
нэгу къыщІыхьэм хъуауэ ар си тепщэ.

ФІыуэ слъагъухэм сыкъаухъуренхь,
блэкІхэм я гулъыти сыщымыщІэ.
Ахэм я кум дэкІыу, къыспекІухь
закъуэныгъэм щэхуу, ари сощІэ.

Зэ сыкъыхуэнэным ар щІохьэпс,
игу къыстеэгъэнут мис итІанэ.
Сыт имыщІэм, сыкъыльамыгъэс,
зэрызехьэу къос си ужь итахэр.

А сызыфІэлІыкІыр апхуэдизу
сохъуэпсэж сиІэну тІэкІурэ гъусэу.

280

ЩІэху Іэджэ иІэщ пшапэ зэхэуэгъуэм,
гупсысэу кІэрыщІари сыт хуэдиз.
Хьэуар зэщІещтэ уафэм къех зэпыгъуэм,
къыхохьэ си лъым, си бгъэм мэхъур из.

Сыт хуэдэ хъуну къыслуеблагъэ жэщыр?
Абы куэд елыитауэ къыщІэкІынщ.
ЩІэздэнуци щІэдей псэун щІэрыщІэу,
гукъэкІыж гуэрхэр хуейщ зэзгъэдзэкІын.

ПыщІащ нэхущым гугъэм я нэхъ иныр.
Сльагъунщ дунейм зэрызэтрихыр и нэр,
псом япэ дзыхь къыслхуищІ нэхъеІ и щэху.
Си гъэгугущ нэхущым здидэ лъэныкъуэр нэху.

Псэун щІэрыщІэу сэ щІэздзэнщ щІэдей,
бухащ къыплъысыр, жамыІэ къудейм.

281

ИгъащІэми льагапІэм сыщошынэ,
абы къыстыр гуныкъуэгъуэ куэд.
ЩЫхупІэм Іуту щы1эщ еуэ пшынэ,
сэ, сепльыхамэ, си къарур сфІокІуэд.

ИужькІэ, къысщыщІар къыспкърохьэжри,
сабиИми сыщыукІытэу изохьэкІ.
Зэрыхъуклэ сэ щыхупІэм сыІухьэжкъым,
арщхьэкІэ Іэмалыншэу ар къыщІокІ.

Сытохутэжыр сэ щыхупІэ нэзым,
сезышэлІа къарури сымыщІэж.
ЗыкъызашэкІыу щытми дыгъэ къуэпсхэм,
и щІыІэр лъащІэм си псэм зыхещІэж.

Ухытэр апхуэдизу къысфІэлІуэхуькъым.
Шынагъуэр ущехуэхырщ, удэхуэхыу.

282

Дыгъэр еуэ къыкъуокІ - къуохьэж,
дыгъэгъэзэхэр хъуащ щхьэнхэ.
Я Іуэху зэрыхьнум щымыгъуазэ
си гурыщІэхэми захъуэж.

Си щытыкІэр лъэтэгъуэм ещхьщ,
сихьэзырт, здэзгъэзэнур сщІэжатэм.
Дыхьэшх сфІэщІу, бзу гуэрхэр зольатэ.
Си гум уафэм и бгъуагъыр къепщ.

Дыгъэр еуэ къыкъуокІ - къуохьэж,
лъэужь гуэр кьигъэнэхуу зэм-зэмкІэ.
А лъэужьыр уэгу гъунэм ЮокІыр,
ар пхызышым хльэщІыхьэн.

СыкІэлъыджэм - си напэр текІынущ.
Кьигъэзэну езым къыщІэкІынкъым.

283

Къытощ жыг тхъэмпэ гъуэжьыр псы инам,
иІэж зы гугъэ закъуэр къызэпхупсу.
Сыт сщІэнур сэ, апхуэдэу сыкъэнам?
Си гъащІэр пэльэщынкъым а гупсысэм.

ЗымащІэрэ жыг щІагъым сыщІэсынщ,
дыгъэпс кьеблыжа тІэкІур сигу пымыкІыу.
Абдеж зэрыхьукІэ сыхэпльэнкъым псым,
си махуэр ящысхъуМэу си гукъэкІэм.

Къухьэнци дыгъэр, сэри сежьэжынщ,
сІэщІэкІ мыхъуну гуэрхэм сакІэлъеІэу.
Схутемыпльэ си гур нэхъ тыншынщ,
си натІэм итыр кьизытхам сельэ1ум:

- Сахэжьж жьым ихьам, хэхуам псы уэрым,
сумытыж закъуэ и пІэ имыкІ гуэрым.



284

Си гъащІэр си дауэгъуэм сыту ещхьт,
ар и пщэ къыдалъхьам пхутемыкІынут.
Сэ зыщесщыти щы1эт слъэмыкІынум,
а хьэлым щыщ иджыри кьэскІэ схэлъщ.

Нэху здэщым гугъэ Іэджэ си хьэзырт,
сыпежьэрт кьыслхуэпІащІэу къыслщыхьу дыгъэм.
АрщхьэкІэ къыспэувт зыгуэр сыт щыгъуи,
Іунт уафэгъуагъуэ, уэшхи къэсынт.

Си гъащІэр мы дунейм щекІуэкІым щыщт,
хьыхьэкт абы, ІукІуэтрэ къэныкъуакъуэу.
Нэхъ ерыщыж абы нэхъыбэм сищІт,
къыхэкІми си льэр щыщІэху закъуэтІакъуэ.
Иджы си гъащІэм сыкъыфІэІуэхужкъым.
Дауэгъуу щы1иІар къыхьыэохьжыр.

285

Зэгуэрым сэри щІалэу сыщытащ,
сащыщщ уэ фІыуэ узыхэзыщІыкІхэм.
Ныжабэ гуэрым щІыхьым сыхэтащ,
уэ уэщхьу, псы кмуам сызэпрысыкІыу.

Толькъунхэм мывэ къэс сРаудэкІт,
арщхьэкІэ сщІэрт сэ сыкъыщэрелынур.
Зы фІыщІэ гуэр си гущІэм къыщыщІэдкт,
къысщІыхьэжыну щытми схьар удыну.

Си гъащІэр къэбгъэщІэжу зэм къысщохьу,
сынаплъэ сфІощІ, лъэныкъуэкІэ сыщыту.
Зэм сыпхуогуфІэ, зэм пхузощІ гущІэгъу,
сэ сщІэжкъэ пхуэдэм и насыпым щитыр.

Къэсынщ и пІалъи, уэри жьы ухъунщ.
Сохъуапсэ зиІэнум пхуэдэ нэхъыжь.

286

МобыкІэ зыгъэзар гъуэщэну жаІэ,
модрейМкІэ кІуэр къыххэ къыщымыкІуэж.
Сэ дэнэ сыздэкІуэнур-тІэ, си къуэш,
иджыри къэс си гъуэгур зэ схъуэжакъым?

МобыкІэ кІуам солъагъур и Іубахъэр,
гъуэжь хъуэ хуежьа мэзым хозэрыхь.
Модрейм кІэ кІуам сылъыхъуэу зызопльыхь,
бгым еуэкІауэ къыщІэкІынщ и лъагъуэр.

Иджыри къэс си гъуэгур зэ схъуэжакъым,
сэ дэнэкІэ згъэзэну-тІэ, си къуэш?
Сыхуейми, хэт сыщигъэтын мыбдеж,
тІэкІу зыпІэжьам, уэхэупэну жаІэ.

ХэкІыпІэр уэ зэрыщІэр къощ уи нэгу.
Си шынэхъыщІэ, къыскухэх зы гъуэгу.

287

Уэздыгъэми езым и пэж иІэжщ,
ефІэкІыу езы дыгъэм и гугъэжщ.
Жэщ кІыхьым, псори нэхъ къыщыхуэныкъуэм,
щыхэтыр мис а дыгъэр сыт лъэныкъуэ?

ИтІани, къэзыгъанэу екьэжкам,
зэкІэлъхьэужьу псори пежьжьэнщ,
нэхулъэ къищІ къудейуэ зэралъагъуу.
УдэпІэ кьэскІи теувэнщ а лъагъуэм.

Хьэзырщ щІэпхъуэну къуршхэр си инагъ,
пагагъэу яхэлъари хъуащ ищІагъ.
Уэздыгъэм ар иригъэхын хульэкІкъым,
зэгуэпурэ щисыжи ар кхыхокІыр.

ЩищІэнур дэнэ бгъэункІыфІ хьу уэздыгъэм
мы дуней псор зэриГъэхуабэр дыгъэм.



288

Іыхьищу си гухэлъхэм загуэпащ,
солъагъу, нэхъыжь-нэхъыщІэкІэ уваУэ.
Си сабиигъуэм ейуэ хъуар гуфІэгъуэщ,
я гущІанагъым нэпс кхыпфІыщІишынщ.

ЩІалэгъуэм къыслъигъэсыр Іэджи хъурт,
гу лъызмытэххэу блэзгъэкІар хэту.
Гухэль къыслхуэзыщІын сыхуэзэрт куэду,
симащІэр езым фІыуэ схуэльагъунт.

Си гъащІэм къриубыдэу куэд слъэгъуащ,
сыкІуащ, къыспежьэу хъуам саблэхъуэпсыкІыу.
Зэрыхьри гъэхэр, уафэм щІэкІуэсыкІыу,
си гъащІэм и гуэшыкІэр хъуащ нэгъуэщІ.

Сэ фІыуэ сымылъагъу дунейм тетыжкъым.
Сыкъэзылъагъунщ сымыгъуэтыжыр.

289

И гугъу къысхуэщІ зэрекІуэкІам си гъащІэр,
гурыщІэ нэхур си бгъэм ищІу щыз.
Уэ къысхуэпІуатэр гум имыхуж защІэщ,
си гъащІэм щыщу хэтри сыт хуэдиз.

И гугъу сыгъэщІ зэрекІуэкІам си гъащІэр,
мыпхуэдэ махуэ куэдрэ къыслъымыс.
НыпхуэсІуэтэнур къыщІэкІыжми мащІэу,
уи гъащІэм щыщу хэтыр сыт хуэдиз.

ДыкъекІуэкІащ ди гугъэхэр зэгъусэу,
ди гъуэгу щызэхьыаи къызощІэж.
Куэд щІэнщэу къыщыпІопльэ дэ уэгу гъунэм,
дыхунэсакъым псоми - гъащІэр кІэщІт.

КъэкІуэнум мащІэ хъунщ дэ хэтлъхьэжынур.
БлэкІам кхыхэтхырщ дыхэарыпсэунур.

290

ЖЬапщэми фІыуэ ильагъу и мащІэ,
ар псэнщ дыдэуи къыщымыхьу.
Гухэль ІуэтэкІэщ абы имыщІэр,
къыхуейуэ и фІэщ хъуар, ауэ сыту махэ, гъащІэ кІэщІ.
Дыгъэм ар ирифу къызжаІащ.
Езы дыгъэм дауэ сщІын си фІэщ,
имыгъэуту ящІэнт.

Уэсэпс ткІуэпсым щхьэщэ сэ хуэощІ.
Уафэр зэрыщыту абы къощ,
ауэ сыту махэ, гъащІэ кІэщІ.
Дыгъэм ар ирифу къызжаІащ.
Езы дыгъэм дауэ сщІын си фІэщ,
имыгъэуту ящІэнт.

Уэсэпс ткІуэпсым си щхьэр хуэозгъэщхь,
ар гуфІагъуэ нэпсым ихогъэщхь.
Куэдым я насыпэ абы къыпхощ,
ауэ сыту махэ, гъащІэ кІэщІ.
СыІущІати нобэ зы нэхущ,
и уэсэпсыр псэхалъхьажьым щыщт.

Ари дыгъэм ирифыну хъунщ.
Дыгъэр къригъэлу къыслщыхьунщ.

278

Зы щІэдджыжь гуэрым уэ укъэуцынщ,
сыкъэпльыхьэнщ, къыплъысу гужьеиГъуэр,
къыбгурымыІуэу сыщІэкІам сыт щыгъуэ.
Къэзмыгъэзэжыну къыщыщхьунщ.

Уэ зыпхъуэжынщ абдежым щыщІэдзауэ.
Сэ сыкъэнэнущ сызэрыщытауэ.
Гу хьыстэхэнкъым уи псэм щызэблэжым,
аргуэру сыщІэкІынщ, сыкъемыплъэкІыну.

АрщхьэкІэ, махуэр и кІэм щынэсам,
сэ зыхэсщІэнущ сызэрыпхуэзэшыр,
фІы куэд зэрыбжесІэнур, нэгъэзэзэжым,
сызэрытекІынур сызэсам.

ТІэкІу сыпсэуаРэт си щхьэм сыхуитыжу.
СыкІуэнт, узыхэзнауэ хъуар уэстыжу.

279

Закъуэныгъэм куэдрэ согупсыс,
щы1эщ сещІыхь защІэу нэху щызэгъэщи.
Си гур, жьым ихь тхъэмпэу, мэкІэзыз,
нэгу къыщІыхьэм хъуауэ ар си тепщэ.

ИгУ илъымрэ ищІэмрэ зэхуэмыхьу.
Уэгу къащхъуэм хуеІэу дэкІея жыгыр,
Іэплэ хузощІ жеІэри, зэфІещІыкІ.
ІуфІэу унащхьэхэм къыщежьхьыр,
ахэр тричу и гущхьэ къэмыкІ.

ЩІогъуэж иужькІи, щэхуу мэгъыжыр,
псым хуэтхьэусыхэурэ псыхъуэм дэтынщ.
И нэр игъэщІкІу псыри йожэхмр,
къыхэриуахэр ещІэжри - мытынщ.

Ахэр щысльагъукІэ, си гур мэкъутэ.
Сыту гугъу ехьрэ и псэм хуимытыр.

291

Саблокі абыхэм. ЩатэУ ныскІэльоплъ
ячыну зы лъэбакъуэ хуимыт жыгхэр.
Къэзгъанэу ахэр сыІукІыну жыжьэ
къащьфІэщІ дыдэм, тхъэмпэ къапольэлъ.

ДызэпльзыщІэр, дякум дэльыр сыт?
Ди гущІанагъыр армырам сымыщІэ.
Сыт щыгъуи ди гурыщІэр дяпэ ищу
дезыгъэсар мы жыгхэм сэрэ хэт?

Ящыщ абыхэм си псэкІэ сихъуащ сэ.
Яхэткъым си гум и льхьм щымыгъуаэз,
я тхъэмпэ кхъскІэ ахэм си псэльэгъущ.

ДызэрыІыгъыу дыпсэуащ сыт щыгъуи.
Иджы, сэ къыслъэщІыхьэрти си жьыгъэр,
сыкІэрэхъуащи тІэкІу - къысхурагъэгъу.

292

ПщэдджыжькІ къэсыху сыхуозэ а цІыхубзым,
уэрамыр пьгуфІыкІыурэ кьеплхьэнкІ.
ПхъэнкІакІуэм и щыгъынныр щыгъщ скІупсу,
жьыхапхъэр бгъэм щІикъуэзу кърехьэкІ.
Ар къыпщыхъунущ зым емыгупсысу
уэрамыр къабзэ зэрищІынным фІэкІ.

АрщхьэкІэ зэхэсхащ ар хэщэтыкІыу.
ИтІани и щэтэкІэр зым емыщхьт.
Ар, хэгъуэщэжри зэрыпыгуфІыкІым,
хьужащ и нэгум кьинщ гуапагъэм щыщ.
Яуд1эпІыжьынущ игъэжьабзэр блэкІхэм,
аргуэру, гуфІэу, ар ипхъэнкІыжынщ.

Ар псом нэхъ насыпыфІэу къыщІокІыжыр.
МэпсэУ щигъафІэм игу щыгуфІыкІыжу.

293

Гъэр исыкІынщ, лІэщІыгъуэри икІынщ,
сыщымыІэжу сэри къыщІэкІынщ.
Уэ, зимыІэжьм и псэм хэлъа куэд,
дунейм щызеуэ си псэр ныпхуэкІуэнщ.

Ар хуэныкъуэнущ уэ уи зэхэщІыкІ.
КъекІуэкІ псэукІэм зыри химыщІыкІ.
Зэгуэр хэщІапІэ нэху абы иІащ,
лъэхъуэщу къыщилъыти ар щІащ.

Иджы хуабапІэ гуэрым ар щІохьэпс,
уигу пльам и зы пІанэпэ кхьлъыгъэс.
КъыхэкІми щепхужьэж, къыгурыуэнщ,
хэщІапІэ лъыхъуэу нэгъуэщІыпІэ кІуэнщ.

А зыхэтыну псор къысхуигъэгъуну
сэ нобэ куэдрэ си псэм сельэІунущ.

294

Сымыгъуэтыну гуэрым сыщІохьэпс.
Сыхуейкъым Іэгум илъу слъытэ хъунум.
Абы сщІэ пэтми сыкъыхуэнэжьыну,
модрейм къарууэ сиІэр лъызогъэс.
Мис а щытыкІэм сыткІэ сэ седжэн.
Ара къысфІощІ си гъащІэр зыщІыр кІэщІ.

Къыслъымысынур пащхьэм щоджэрэз,
си натІэ хъунур кьуэтщ пІанэпэ гуэрым.
Хегъахъуэ зым си узым махуэ къэс,
адрейр хущхьуэхьэ дэнэ щІыпІи кІуэнущ.
А Іум яку сыдэтыхуІэ, гъэхэр йокІ.
АрщхьэкІэ зимыхьэжу псэм къыщІокІ.

ЖЬы мэхъу си натІэм итыр, сащхьыркъабзэу.
Нэхъ щІалэ хъуурэ макІуэ сызэхъуапсэр.

295

Мы жэщыр щызогъакІуэ тенджызы Іуфэм,
хэскъуэзу Іэгур сІыгъщ и гъунэр щІым.
Мыбдеж щызекІуэу сфІэщІыр зы унафэщ,
тенджызыр щымщи, дуней псори щымщ.

Мэтхытх си щІыфэр сыхэпльэху тенджызым,
ар щыпынагъуэр щымыбауэм дежщ.
Есшэхми хьэуа кьабзэр си бгъэм щызу,
зыгуэр ищыкІэ си тэмакъым тельщ.

Зы бамПІэ гуэр тенджызыр зэрыхэтыр
солъагъу, ибзыщІми кьимыгъанэу льэкІ.
Абы зэм-зэмкІэ, Іуэхум щымыщ хуэдэ,
и напэр нэпкым кхьхурехуэкІ.

Кьуэншам и пльэкІэ ищІу мэгъуэлъыж.
Апхуэдэм деж ар сфІэгъэныхь мэхъуж.

296

ЩопІэнкІыр уэшхыр щІыбым, мафІэм ещхьу.
Си пэшыр щІыІэщ, ситури щІыІэм ес.
Зыгуэр зэхэрыкІуэнур си псэм ещІэ,
абы зэрыщрэ нэху сэ согупсыс.
КъэкІуэнущ ар, кхыздизу къарууІэ,
хэмыт апхуэдэр кхыщеджэнум екьэу.

Кьэсынщ ар и гум илъыр щІэту и нэм.
Зэпиплъыхьынщ кхыщэрыщІыхьэу унэр,
хэт хуэдэ уасэ гуэр игъэувыну.
СыблэкІрэ пэт щІыхутэ ар схуэхъуат,
«сынныкъэкІынщ» щыжиІэм, згъэщІагъуат,
слъэгъуат и псальэр зэригъэпэжынур.

КІуэжынущ ар, кхызэрыкІуам хуэдабзэу,
кьемыджэу зы, сымыщІэу сыщІехьуапсэр.

297

ЗысІэжьэ хъуащ щІэкІыбжьэм сыщынэсым,
еэыри хьэкІэщ кхыспэувым ещхь.
СыщІокІри, щхьэхэпщІу нэр уафэ нэзым,
нэхъ гьунэгъу гуэрхэр си гум плъапІэ ещІ.

Нэхьыбэщ кхыслхуэкІуэнум сызэрежьэр,
зыгуэрым упэплъэныр сыту гугъу.
КъэкІуэнри, кхъмыкІуэри си псэм ещІэ,
итІани, сымыгъафІэу гугъэр мыхъу.

Еэыри, и фІэщ хьужу, сяпэ йощыр.
Сэ, Іэджэ скІэрыщІащ, сыкхыкІэроху.
ЖЬыг щхьэжІэхэр, сэ зыкхьыздащІу, йощІэ,
зэм тхъэмпэ, кхикІыу куэд, зыІэпагъэху.

А псом, сыт сымыщІами, сэ семысэ.
Сохъу, зисчу, сыщІэпхьэну зэхэмыхэ.

298

МафІэгум сису жьыжьэ гуэр сыкІуэнут,
зэм сыІурихьу, зэм сыкъэущыжу.
Гъущ1 зэрыщх макъ мафІэгум ныкІэлъыжэр
макъамэ псэгъэтынщу кхыщыхъунут.

ПІэщхьагъ гупсэху сщІыжынти си щыгъыныр,
сыгъуэлъхьыжынт, гухэщт зимыІэм ещхьу.
КхыхэднэжІынти псынщІэу губгъуэ нэщІхэр,
дыхуэблэгъэнт сыздэкІуэр Іупщ1 щыхъунум.

Сэ, дауи, гъуэ гуэрхэри сиІэнут,
хэт щыму, хэти и жьэр зэтримыпІэу.
Зы псалъэ гуэрхэр сэри згъэтІыгъуэнут.

АрщхьэкІэ гъуэгур куэдрэ схуэмыхьынут.
Зы кхъувыІэпІэ гуэрым, кхъуагрэ тІысыпІэм,
сыкхъщикІынут, згъэзэжынну унэм.

299

Мыр сыт гухэль, кІуэжыкІэ льэпкъ имыщІэу,
тригъэІэнкІэ хъунущ си гур тІыгум.
Сыкъришэнри хэльщ абы утыкум,
емыплъу зыкІи здынэсам си ныбжьыр.

ИтІани, фІыщ апхуэдэу упсэуну,
тІэкІу утуэавэу, тІэкІун упІейтейуэ,
куэдыщэ зэрямыхьыр уэ кхьштехуэр
кхыбгурыІуэжрэ - кхэбгъэсэбэпынну.

ТІэкІу езгъэлейуэ кхызжрелэ хэтн,
а псор сІэщІах кхъысфІэщІмэ, сыкхъосклэ.
КхысІуроІэфІэ нэхъри махуэ кхэскІэ
мы гъащІэр, и дыджагъри зэрыхэту.

Сопсэу куэд щІауэ, сытекІуэтми хъунут.
Мыр сыт дуней, ухуейм пхуэмыужэгъуну.

300

Си анэ дыщэм щэхуурэ сопсалъэ,
си адэм куэдрэ щыму согупсыс.
СиІэжкъым тІури. Хьэршым нэскІэ дэльыр
фэ фощІэ, абы псэ фІэкІа нэмыс.

Кхытесчу лъакъуэр зыкІэрыпщІэ щІыпщІэм
сыпхокІри губгъуэм, Іуащхьэм сыдокІуей.
Нэхъ пагъунэгъу симыІэжьэм я псэм
сотІысри, уафэ лъащІэм сыдопльей.

Сыкъыщалъхуа кхуажэжьыр дэтщ си щІыбым,
абы и гъащІэр мыпІащІэгъуэм ещхьщ.
Хызощ дзапэ уэрэд акъужьым щІыгъуу,
пІейтейуэ хуежьа тхъэмпэхэр мэщхьыщхь.

Зэ догуэт! Си тхъэкІумэр тхъэкІумэжым,
уэрэдым и ежьу кхъОІукІыр хьэршым.

301

КъэкІуэну гъатхэ гуэрым кхыхоокІ си нэ,
абы сынэмысыныр лІэм и гьунэщ.
А гъатхэр нэгу кхыщІохьэ зэпымычу,
сыщІигъэгушхуэм зыри хэзмыщІыкІыу.

А гъатхэм си гухэлъхэр дэгъэгъэнущ,
сфІахьар кхъэзыхьыжынур арагъэнущ,
Кхыхьыжым щыщ езым кхыслъымысижми,
нэгъуэщІхэм зэщІракъуэ, сехьуэпсэжу.

Апхуэдэ гъатхэ гуэрым кхыхоокІ си нэ,
иІэтрэ си щхьэр, си гур игъэину.
Абы хуэзфІэкІынум сегупсысым,
согугъэ кхиутІыщыну бзагъуэм и бзэр.

А гъатхэр кхыщыкІуэнур сэ сымыщІэ.
Ар зэ кхьэкІуэнущ, аращ псом нэхъыщхьэр.

Щlэблэр зэгъэдэlуэныр хэкlыпlэщ

● Дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ

Запасым щыlэ полковник Къуздэокъуэ Жамболэт.

КъБР-м Щlалэгъуалэм дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ ядгъэкlуэкlынымкlэ и Жылагъуэ советым и унафэщl, МЧС-м и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм хэт, «Союз народовластия и труда» урысейпсо политикэ жылагъуэ зэщlэхьееныгъэм дзыхь иригъэзу Къэбэрдей-Балъкъэрым щиlэ, полковник Къуздэокъуэ Жамболэт нобэми жыдзэру мэлажьэ, и къэухьым, и щlэныгъэм зэрыхихгъэхъуэным хущlэкъу эзэпыту.

- МЫ ЛЪЭХЪЭНЭМ дзэм щызэсхьэ къулыкъур гъэсэныгъэм пыщlащ. Адыгэ лъэпкым къыхэкlахэм я нэхъыбэр щыпкъагъэм, цIыхугъэм, хабзэм дыщlапlыкlащ. Ауэ, нобэрей ди щlалэгуалэм ятеухуауэ гукъдэуэ гуэркэр сиlэщ, къищынэмыщlауэ, си лэжьыгъэм екъэлIауэ, лъэпкъ хьэл-щэн гуэркэм гу лъыстащи, си гуапэт ар зыхуэгъэзахэм сызэхащlыкlамэ. Дзэм къулыкъу щызыщlэхэм чэзыкlэрэ къалэн гуэркэр я пщэ къыдалъхъэ. Псалъэм папщlэ, кlэртIоф ирагъэукъэбз, хьэкъущыкъу ирагъэтхэщl, е лъэгу ирагъэлъэс. Ди адыгэ щlалэхэм апхуэдэ лэжьыгъэр напэтехыу къалъытэри, псалъэмакъ къалэт, ауэрэ здекlуэкlым, хьэргъэшыргъи къагъэхъу. Дзэм и хабзэхэм утетыну, къыщыпхуащl унафэкэр бгъэззащlэну псалъэ щыпкlэ, узэуэзлIар Iыгъыж, къыбжаIэр гъэзащlэ. Абы емыкlу хэлъхъым, ар напэтехкъым. Дзэ къулыкъым, цIыхубз лэжьыгъэ, цIыхухъу къалэн жаIэу, зэхэдз щащlыркъым. Абдежым уи щхьэ ухуэIэбжьу ущагъасэу аращ, - къыддогуашэ нэхъыжьыфIыр.

Къуздэокъуэм зэрыжиlэмкlэ, псори къыщежьэр унагъуэращ, адэ-анэм я дежщ. Сабийр щыцIыкIум пIащIэкlамэ, къыздэкIуэтея иужькlэ, абы и гъэсэныр нэхъ гугъу мэхъу.

- Абы къыхэкlыуи щхьэпэт курыт школхэм хабзэм щызыгъаджэ сыхьэт бжыгъэ хухахамэ, адэ-анэр я биным зэрыкlэлъыплъым арэзы дыкъэшlу, хъунри мыхъунри зэхращlыкlыу къыттщlэхъуэ щlэблэр къагъэтэджамэ, щlалэгуалэм яIэщlэкl мыхъумыщlагъэхэм щытепсэлъыхь, къуаншагъэр укlытэгъуэ щагъэуфэ цIыхубз зэгухьанымгъэхэр къыттщlэхъуэ щlэблэм нэхъыбэу ядалэжьамэ.

Зэманым декIур лIыфIщ

Телъыджэр араща, зи ныбжьыр илъэс 87-м нэблагъэ Къуэдзокъуэ Жамболэт мы зэманми, дзэм ираджа щlалэгуалэм я Iуэху зэрикуэ, къаралым и щыпlэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыщlедз. Ардищlалэхэрэдзщыгъэ гарнизонхэм кIуэурэ, ящыщ гуэркэр зыхэхуа Iуэху мыщlэхъуэм зыбжанэрэ къыхишыжыфащ. Зи гугъу ищlым и щыхьэгъ, Жамболэт дегъэлъагъу Республикэм и дзэ комиссариатым ар здиIуэхуа частхэм я Iэтащхьэхэр къаIуащlэ-ну, хуей хъумэ, къадэIэпыкъуну зэрелъэIу псалъэхэр зэрыт гъуэгуанэ тхыльхэр.

- Дзэм къулыкъу щрахьэкlыну ди республикэм ираша ди щlалэхэм ящыщу лъэпэрэпахэр тIэкIу егъэлеярэ ткIииIуэу хабзэм щрашалIэкlэ, абыхэм сакъыщхьащхьэ хьисэпкlэ, щlыпlэ зэмылIэужьыгъуэхэм нобэр къыздэсми сокIуэ. Апхуэдэу, нэгъабэ сыщыIащ Мурманск областым хьихъэ Северо-морск къалэм дэт дзэ частхэм ящыщ зым. Абдежым хьэпсым ирадзауэ зи суд ящlэ, ди республикэм щыщ сэлэтипплым я Iуэху щызэсхуащ. Дапхуэдизу а щlалэм гугъу сыщемыхьами, ди щlалэхэр хеящlэм къыкlэщlэсхьжри, сыкъыщыкIуэжьым къыздэсщэжащ. Абы ипэкlэ Будённовск сыщыIащ, ди республикэм щыщ щlали 10-м я Iуэху щызэсхуэу. Абыхэм унафэ къыхуащlат дзэм щрахьэкl хабзэ лэжьыгъэм хуэдэ жащ-махуэм къриубыдэу ягъэззащlэн хуейуи, абыкlэ зэрымыарэзыр къагъэльагъуэу, «хьэуэ» къыхагъэкlат. Ди щlалэхэр бэлыхь зэрыхэхуар къыщысщlэм, а щlыпlэм занщlэу сыкIуащ. Арати, хабзэм ткIийуэ ирашlэлIэм зы тIэкIу фIэкlа къаХуэмынэжауэ, ахэри хеящlэм къаIэщlэсхьжри, зыхэта частым хезгъэзэхьэжащ, - жаIэ Къуздэокъуэм.

- **Апхуэдэ щыпlэхэм узыгъакIуэхэм щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр ягъэльагъуэр сыт, Жамболэт?**

- Схуагъэхьэзыр тхыльхэм нэхъыбэу иратхэр ди республикэм щыщ щlалэхэр дзэм къулыкъу щрахьэкlэ гарнизонхэм зыхуей зэрыщlыхуэзэ сытхэм теухуауэ я Iуэху зыIутыр, апхуэдэуи, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа дзэлIхэм я зэхуаку дзэлъ зэхущытыкlэхэр зыхуэдэр зрагъэщlэн мурадкIэ сагъакIуэущ. Псалъэм папщlэ, Мурманск областым хьихъэ Североморск къалэм къулыкъу щезыхьэкlэ ди щlалэхэр трибунал Iуэху зэрыхэхуам теухуауэ тхыгъэ къысIэрыхьащ. Республикэм и дзэ комиссариатым тхылъ схуегъэхьэзырри, а щlыпlэ жыжьэм сожьэ. Сыздэкlуам прокурорым зыхуэзгъаз: «Сэ республикэм сриIыкIуэщ. Ди щlалэхэм яхуэгъэзауэ къэфIэта уголовнэ Iуэхум теухуауэ лъэбакъуэ фчыу абыкlэ хуит фызыщlтхылъхэр сывгъэлъагъу»... Сытми, ди щlалэхэр зэрагъэкъуаншэмкlэ зэрагъэпэщащ тхылъхэр нэмыщlысауэ къыщlокl. Мис апхуэдэу дызэныкъуэкъуми-дызэдауэурэ, ищхьэкlэ зи гугъу сщlа щlалиплIыр, я къулыкъур зэрырахьэкlын хуей пIалъэр сахэтыху и кlэн нэблэгъати, зыубыдащэм къаIэщlэсхьжри къызыдэсшэжащ, - и гукъэкlыжхэмкlэ къыддогуашэ Къуздэокъуэр.

Жамболэт хуэд щlауэ щlалэгъуалэм жылагъуэ-хэкупсэ лэжьыгъэ зэрадригъэкlуэкlыр, а Iуэхум хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищlар, къаралым къыщыхьу-кlыщыщlэхэм набдзэгубдзапIьэу зэрыкIэпыпIыр, социальнэ гъащlэм жыджэру зэрыхэтыр къаIыытэри, абы политикэ партхэм, жылагъуэ зэгухьанымгъэхэм къабгъэдэкlыу фIыщlэ тхылъхэр зыбжанэрэ къыхуагъэфэщащ.

И зыгъэпсэхукIэри екIущ

- Ди республикэр уи нэгу зыщебгъэужьынкlэ, уи узыншагъэр щебгъэфIэкlуэнкlэ зихуэдэ щымыIэ щIынальэу къэзыIыпытэхэр мащIэкъым. Уэ абы дауэ уепIырэ, Жамболэт?

- Уи упщIэм екъэлIауэ мыр къыхэзгъэщынут. Сэ иджыблагъэ мазэ псокlэ сыщыIащ Бэрбэч Хьэтlытlэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Эльбрус посёлкэм щIэ базэм. Абы щылажьэхэм къахуэкlуэхэр яхуэзарэзыщ, дахэу къаззэрыхуущытым, къаззэрыхуэсакъым, къаззерелIалIэм къыхэкlыу. ПщафIэхэм ягъэхьэзыр шхынгъуэхэр Iум иткIухьу гурыхьщ, Iэфщ. Турбазэм и пщIантIэмэшхуэр ихъуреягъкlэ метритI зи лъагагъ гъущI хъаркIэ къахухьащ. Жыгышхуэхэм я нэхъыбэр уэздыгъейщ. ЩIэщI цIыкIухэр адэкlымыдзкlэ дащIыхьащи, укъыщыуыбыщэу зыщыбгъэпсэхуи, ущуэзэдэуэрщэри мэхъу. Къэжьыхьыпlэ папщIэу яукъуэдия, зи кIыхьагъыр километрым щIигъу лъагэуэри, и къабзагъэкlи зэIуэпэщ зэращlамкlи, узэхъуэпэснщ. Абы и Iуфэхэм, сэмэгумкlи ижьымкlи, метр 50 къэс тетIысхьапIэ зыкъизыхэр Iутщи, хуейм зыщригъэщI мэхъу. Апхуэдэуи, пщIантIэм къухъэпIэ лъэныкъуэмкlэ къыщхьэщыт бгым и лъабжьым деж концерт гъэлъэгъуапIэ иныщхуэ щытщ. Щыхьэщlэхэм унафэщlым псыгуэн нэгъунэ хэхуэзэрыгъэпэщащ, абы хэс бдзэжьейэр къэзыубыдым ахэр асыхьэтым, зэрыхуеймэ хуэдэу, хуагъажьэ. Зыщызыгъэпсэухэм директорыр зэман-зэманкlэрэ яIуощIэ, дунейм къыщекlуэкlхэм яхутопсэлъыхь, хъыбарыщlэхэм-кlэ ядогуашэ. ЩIыбым ущыдэтхlэ, узэрыщlибауэ жыр сыт и уасэ? Зы псалъэкlэ къыжьсIэнщи, мыбдежым псори зыхуэщlар тэмэму зыщыбгъэпсэхунымрэ уи узыншагъэр щебгъэфIэкlуэныкlэ. Илъэс къэс мы щIылIэм мазэ псокlэ сыщоIэри, гу зыпльыстар арагъи, Iутхэм я лажьэкlэри, я цIыху бгъэдыхьэкlэри, унэхэм я зехьэкlэри ефакlуэ зэпытщ. ПщIантIэр зыхъумэхэм дзэ частым къулыкъу щрахьэкlым хуэдэщ. Зы цIыху щымыщу дагъэхьэнукъым. Хьэщlэщ бэлыхь яIэщ, я тепIэнщIэлъынкlи, унэльащlэкlи, цIыхр нэхъ зыхуэныкъуэхэмкlи къыздэгъэпэщащауэ.

Ди псалъэмакъым и кIэхуэу жыслIэнур аращи, сэ ноби сыхьэзырщ лъэпкъым, хабзэм, нэмысым тегузэвыхь дэтхэнэми седэIуэну, акъылагъуэи дэпыкъуэгъуи, зэрахуэфащэкlэ, сахуэхъуну, чэнджэщ естыну. Гупсысэ узыншэ зыбгъэдэлъ, ар нахуанIэ сщlарэт жызыIэм зыщIэзгъэкъуэфынущ, и Iуэхур згъэкIуэтэфынущ. Сызипашэ цIыхубз зэгухьанымгъэм хэщlапIэ иIащ - *Налшык къалэ, Ахъуэхъум и цIэр зезыхьэ уэрам, 137-нэ унэ, 36-нэ пэш, телефоныр - 77-75-30.*

- Упсэу, Жамболэт. Уи къару иIыу, лъэпкъым жыджэру ухуэлажьэу Тхъэм иджыри куэдрэ уигъэпсэу!

Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

● Хъыбар гуапэ

Дуней псом и вице-чемпион



Катарым и къалащхьэ Дохэ мы махуэхэм щекIуэкIа атлетикэ псынщIэмкlэ дунейпсо чемпионатым аргуэру екъулIэныгъэ ин къытхуахьащ - дыщэ медалыр нэхъапэIуэкlэ зыIэрызыгъэхьа Ласицкене (Кучинэ) Марие къыкlэлъыкlуэу цIыхухъхэр льагапIэм щхьэпрылъынымкlэ зэпеуэм етIуанэ увыпIэр щиубыдащ Прохладнэ къалэм щыщ Акименкэ Михаил.

ИлЪЭС тIощIрэ щырэ зи ныбжь ди щlалэщIэр Катарым кIуат метри 2-рэ сантиметр 31-м нэхърэ нэхъ лъагэ иджыри къэс емыльауэ. Дунейпсо зэпеуэм ар абы сантиметрплIкlэ щIигъэфIэкIуащ икIи дыжьын медалыр апхуэдэ щыкlэкlэ зыIэригъэхащ.

Акименкэ Михаил лъагапIэм щхьэпрылъынымкlэ Урысей Федерацэм щынэхъ лъэщ дыдэщ. Къищынэмыщlауэ, 2014 гъэм щlалэгуалэм я дунейпсо чемпионатым щытекIуащ, абы ипэжкlэ Европэм жэз медалыр къыщихьащ.

Катарым щызэхэта зэхьэзэхуэ иным Михаил хъущедфIэкlар хэгъэрейэм ящыщ Баршим Мутаз Эссэ и закъуэщ. Стадионым къекIуэлIа цIыху мин куэдым я къыдащlыныгъэм тригъэгушхуэри, абы метри 2-рэ сантиметр 37-р къызэринэкlыфащ.

- Сэ нэхъ лъагэжми селъэфынут, - жиlащ зэпеуэ нэужьым Акименкэ Михаил, - ауэ абы щхьэкlэ тренерым и чэнджэщхэм сыхуейт. Нобэ сэ хуабжьу сыхуэныкъуащ си гъэсакIуэм. Ар си гъусатэмэ, метри 2-рэ сантиметр 37-ми сыпсэльэшынут.

Фигу къэдгъэкlыжьынщи, Урысей Федерацэм щыщ спортсменхэр атлетикэ псынщIэмкlэ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм зэрыхагъэтыр я щхьэ зыщытыжыщ. Ахэр хуиткъым къыздикIа къэралым и дамыгъэхэр ягъэльагъуэну, абы и цIэкlэ утыку ихьэну.

Акименкэ Михаил Дохэ щыIа дунейпсо зэпеуэм ягъэкIуами, и тренер Загорулькэ Евгений апхуэдэ Iэмал къратакъым. Аращ и закъуэу утыку ихьэн хуей щIэхъуар.

Ди къэралым икIа спортсменхэм Катарым щекIуэкlа атлетикэ псынщIэмкlэ зэхьэзэхуэм медаль лIэужьыгъуэ псоми щыщу тIурытI кхахьауэ араща. Зы дыщэрэ дыжьынрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Прохладнэ къалэм къыщалъхуахэм икIи зыщызыгъэсахэм я лIэрыхьащ. Ар хуабжьу екъулIэныгъэшхуэщ. Къыхэдгъэщыну дыхуейт Пасицкене (Кучинэ) Марии Акименкэ Михаилми лъагапIэм щхьэпрылъыным зыщыхуагъэсар а къалэм и si спорт секцэу зэрыщытыр. Иджы ахэр ящыщщ гъэ кхакIуэ Токио щекIуэкlыну Олимп Джэгухэм ягъэкIуэну япэу зыхуагъэфащэхэм.

ХЬЭТАУ Ислъам.

УзыщыгуфIыкIын хэлъкъым

● Футбол

«Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:0 (1:0). Прогресс. «Биолог» стадион. Жэпуэгъуэм и 12-м. ЦIыху 200 еплъащ.

Судьяхэр: Шамарэ, Валеев, Егоров (псори Дон Iус Ростов щыщщ).

«Биолог-Новокубанск»: Федюшкин, Каргин, Семёнов, Седых (Дмитриенкэ, 68), Чувилов (Лазаравшвили, 82; Бусыгин, 90+2), Малыш (МафIэдзокъуэ, 88), Солодаренкэ, Ивашин, Халвааш, Барбашов (Касьянов, 61), Ходунов.

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Ольмезов, Клышэ (Iэщщн, 79), Сындыку, КIэдыкIуей, Стригэ, Хъэшыр, Машэжь, Салахетдинов, Iэпщащэ (Ашу, 56), Бацэ (Апажэ, 81).

Топхэр дагъэкIащ: Малыш, 11 (1:0). Семёновым, 49 (1:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Ходуновым, Салахетдиновым, Бацэм, Чувиловым, КIэдыкIуейм, Семёновым.

Джэгум къыхахуащ: Салахетдиновыр.

58-нэ дакъикъэм Бацэм пенальтир худэгъэкIакъым.

ЩЭБЭТЫМ здэкIуа Прогрессым и «Биолог-Новокубанск»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» нобэ я зэфIэкIхэр зэхуэдэ хъужащ. Куэдым ящыгъупщэжащ ди щlалэхэр зэгуэрым премьер-лигэм зэрыхэтар икIи я щэм зыри къигъэздыхэжыркъым. Абы и щыхьэтщ иужь джэгугъуэм зэрыщIидзэу, зэрызахъумэжыным имыгъэпIейтейуэ, хэгъэрейэр къаруушхуэкlэ налшыкдэсхэм къебгъэрыкIуэ зэрыхъуар.

«Спартак-Налшыкым» и футболистхэм апхуэдэ текъуэзныгъэр куэдрэ яхуэзмэчакъым. Дакъикъэ пщыкIуэкlэ ахэр прогрессдэсхэм япэщIэтыфаеу араща.

ПсынщIэу топ къызэрыхудагъэкIам ди щlалэхэр игъэпIейтеищ икIи щыуагъэшхуэхэр яIэщIэкl хъуащ. Ахэр ягъэзэкIуэжьын папщIэ футбол хабзэхэр щIэх-щIэхьурэ зэкъэпаудырт. «Биолог-Новокубанск»-м щыджэгухэми абыкIэ щыхуэ къатенэртэкъым.

ЗэIуущIэм и етIуанэ Iыхьэм и пэщIэдзэри «Спартак-Налшыкым» къэхъупIакъым. Абы и хьэрхуэрэгъуэхэм иджы дакъикъиплIыр яхуарикъуащ аргуэру зы топ кIыхудагъэкIын папщIэ.

0:2-м иужькlэ джэгум зебгъэгъэзэну гугъущ. Ди щlалэхэм ар яхуэзэфIэкIынкlи хъунт, 58-нэ дакъикъэм Бацэ Къантемыр метр пщыкIуэм и деж щыту топыр худэгъэкIатэмэ. Нэхъапэм мызэ-мытIэу ар къызэхъулIа ди гуащlхьэтым хэдзджэкlыфакъым. А псом ищIыжкlэ, Салахетдиновым етIуанэу дагъуэ къыхуащIри, джэгум къыхахуащ икIи «Спартак-Налшыкыр» нэхъ мащIэ хъуащ. ГурыIуэгъуэт апхуэдизэ зэрыгъэгъуэгъэнкlэ къызыхъуэкlа налшыкдэсхэр къызыхъуэкlа частым зэрыгъэкIуэтэфынущ. Сызипашэ цIыхубз зэгухьанымгъэм хэщlапIэ иIащ - *Налшык къалэ, Ахъуэхъум и цIэр зезыхьэ уэрам, 137-нэ унэ, 36-нэ пэш, телефоныр - 77-75-30.*

Ди щlалэхэм ящыщ Урысей Федерацэм футболымкlэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкlэ зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ щдэбгъым зэхэта джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм: «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - «**Краснодар-3**» (Краснодар) - **1:2**, «**Интер**» (Черкесск) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **0:3**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **4:2**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **0:0**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Легион-Динамо**» (Махъчэкъалэ) - **1:1**, «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - **1:0**, «**Урожай**» (Краснодар) - «**Алания**» (Владикавказ) - **1:4**.

Къыкlэлъыкlуэ зэIущIэр жэпуэгъуэм и 19-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» и стадионым къыщригъэблагъэнущ Дон Iус Ростов и СКА командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкlэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2019 - 2020 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкlыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Волгарь»	**13**	**11**	**1**	**1**	**28-4**	**34**
2. «Алания»	13	9	1	3	33-11	28
3. «Дружба»	13	7	3	3	20-16	24
4. «Черноморец»	13	7	3	3	30-16	24
5. «Динамо-Ставрополь»	13	6	3	4	20-14	21
6. «Мэшыкъуэ-КМВ»	13	5	3	5	15-9	18
7. СКА	13	5	3	5	18-17	18
8. «Мэхъэчкъалэ»	13	5	3	5	10-13	18
9. «Биолог-Новокубанск»	13	4	5	4	11-11	17
10.«Спартак-Налшык»	**13**	**3**	**7**	**3**	**17-21**	**16**
11.«Краснодар-3»	13	4	3	6	15-25	15
12.«Легион Динамо»	13	3	5	5	9-19	14
13.«Анжи»	13	2	6	5	18-21	12
14.«Интер»	13	3	3	7	15-28	12
15.«Урожай»	13	1	5	7	11-27	8
16.«Спартак-Владикавказ»	**13**	**0**	**4**	**9**	**7-25**	**4**

ФIым и пIалъэр икIыркъым

Аукционхэмкlэ «Литфонд» унэм цIыхубэм я пащхьэ ирилъхьащ 1936 гъэм дунейм къытехьауэ щыта «Адыгэ Iуэрыlуатэ» тхылъыр.

АР КЪЫЗЭГУЭПХЫНЫМ унэмыс, куэдым ухегъэгъуазэ хуащIа псалъащхьэм: «Сыт тхуахьумар джэгуакIуэхэмрэ ажэгъафэхэмрэ: гъыбзэхэр, хъыбархэр, уэрэдхэр, нэгъуэщI куэд». 1937 гъэм яукIауэ щыта Талпэ Михаил и Iэдакъэщlэкlым и япэ едзыгъуэр мыпхуэдэ псалъэхэмкlэ къызэIуех: «Iуэху еплъыкlэ щыIащ, нобэм къэса «Нарт» эпосыр зэгуэрым ятхауэ щыта поэмэм («Кавказ Илиадэм») и кIапэльапэ къэнахэрауэ. Арщхьэкlэ, эпосыр здыщlэбджэкlым, щхьэхуимыту укъыщохутэ лъэхъэнэ жыжьэ блэкlам и къуэладжэ ерухэм».

НапэкlэуцI 700 хъу «Адыгэ Iуэрыlуатэр» «Академия» (Москва - Ленинград) тхылъ тедзапIэм къыщыдэкlат. Абы къызэщIиубыдащ пасэ зэманымкlэ къыщыщlэдзауэ совет лъэхъэнэм нэсыху. ЯпэIыхьэм нарт лIыхъужьхэм - Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ, Ашэмэз, Батрэз - сымэ ятеухуа тхыгъэхэр итщ. КъыжьэлIыкIуэм щIэджжыкIакIуэр щегъэгъуазэ пасэрей лIыхъужьхэмрэ Iуащхьэмахуэрэ ятеухуа таурыхъхэмрэ хъыбархэмрэ, адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкI псалъэжьхэм, псалъэ щэрыуэхэм. Адэкlэ абыхэм къапоувэ революцэм и пэ лъэхъэнэм къыщыщlэдзауэ 1920 гъэхэр ихуныу цIыхубэм къадекIуэкIа Iуэрыlуатэр - Андемыркъан теухуа хъыбархэр, «Къэбэрдей щууейхэм я уэрэд», «Инал Нэзакъуэ и щхьэгъусэр» тхыгъэхэр. Тхылъым апхуэдэу ихуащ адыгэ уэрэдыжьхэр зыгъэзащlэу щыта нэхъыжьхэр. Сурэтхэмкlэ зыгъэщlэрэщlар географ-тхакIуэр, ди къуршылъэ щыпlэхэр къызэхэзыкIухьа, Кавказым куэдрэ тетхыха Анисимов Сергей ипхъу сурэтыщI Iэзэ Анисимовэ Татьянэт.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гъэм и зэманхэр

Бжьыхьэ уэфI. *Тезыкар* **Къарей Элинэщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ кхуэдэз), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къанщокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маринэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Иэз.

Езыгъэтхаэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэнэр редакцэмрэ я хэщlапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядлэжьэныкlэ - 42-60-53; узышlагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэныкlэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмкlэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэм 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ягъ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкlэр зэтеуэу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Щоджэн Марьянэ**, *редакторыр* **Жьэкlэмыхъу Маринэ**, *корректорхэр* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). Компьютеркlэ газетым и тепльэр ящlащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ зрадзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар щыкlуэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.055 ● Заказ №926